

**NeMutungamiri
Henry B. Eyring**
Mutevedzeri Wechipiri
muHutungamiri Hwekutanga



Vakurudzirei Kunamata

Apo pandakanga ndiri kamwana kadiki, vabereki vangu vakandidzidzisa nemuenzaniso kunamata. Ndakatanga ndiine fungidziro mupfungwa mangu yaBaba Vekudenga vaiva kure kure. Asi nekukura, ruzivo rwangu nemunamato rwashanduka. Fungidziro irimupfungwa mangu yava iyo yaBaba Vekudenga vari pedyo pedyo, avo vakafukidzwa nechiedza chinopenya, uye vanonyatsondziva zvakakwana.

Shanduko iyoyo yakauya apo pandakawana uchapupu hwechokwadi hwekuti rondedzero yaJoseph Smith yechiitiko chake chemuna 1820 muManchester, mudunhu reNew York, ndechechokwadi.

“Ndakaona murazvu wechiedza uri nechepamusoro pangu chaipo, uchipenya kupfuura kupenya kwezuva, uyo wakadzika zvishoma nezvishoma kusvika wave pandiri.

“Pasina nguva, ndakabva ndaona ndatobviswa pamuvengi uyo akanga akandisunga. Chiedza pachakamira pandiri ndakaona Vanhu vaviri, avo kupenya kwavo nekubwinya kwavo kunokunda tsananguro yose, vakamira nechepamusoro pangu mumhepo. Mumwe wavo akataura kwandiri, achindaidza nezita rangu uye akati achinongedzera kune mumwe—*Uyu Mwanakomana Wangu Wandinoda. Munzwe!*” (Nhorooondo ya—Joseph Smith 1:16–17).

Baba Vekudenga Vakanga vari muchisango ichi pazuva iroro rakanaka rematsutso. Vakaidza Joseph nezita. Uye vakasuma Muponesi wepanyika akamutswa kuvakafa se “Mwanakomana Wavanoda” Wavo. Pari papi zvapo nekose kupi zvako kwaunonamata, uchapupu hwako hwehuchokwadi hwechiitiko chinoshamisa ichocho hunokwanisa kukuropafadza.

Baba avo vatinomata kwavari ndivo Mwari Vanobwinya Vakasika nyika kuburikidza neMwanakomana Wavo Wavanoda. Vanonzwa minamato yedu sekunzwa kwaVakaita munamato waJoseph—zvajakaja sekunge minamato yacho iri kupihwa pamberi paVo chaipo. Vanotida zvakakwana zvekuti Vakapa Mwanakomana Wavo kuti ave Muponesi wedu. Nechipo ichocho Vakaita kuti zvikwanisike kwatiri kuti tiwane kusafa neupenyu husingaperi. Uye Vanotipa, kuburikidza nemunamato nemuzita reMwanakomana Wavo, mukana wekutaura Navo muupenyu huno kakawanda sekusarudza kwedu.

Vane hupirisita muChechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira vane ruvimbo runoera “*rwekushanyira imba yenhengo yega yega, uye nekuvakurudzira kuti vanamate vachidudza uye nemuruvande*” (D&Z 20:47; kusimbisa kwakawedzerwa).

Kune nzira dzakawanda dzekukurudzira mumwe munhu kuti anamate. Semuenzaniso, tinokwanisa kupupura kuti Mwari vakatiraira kuti tinamate nguva

dzose, kana kuti tinokwanisa kutsanangura mienzaniso inobva mumagwaro matsvene uye inobva muzviitiko zvedu pachedu zvemaropafadzo anouya kubva muminamato yekutenda, yezvikumbiro, neyekutsvaga ruzivo. Semuenzaniso, ndinokwanisa kupupura kuti ndinoziva kuti Baba Vekudenga vanopindura minamoto. Ndakagashira nhungamiro nenyaradzo kubva mumazwi akauya mupfungwa mangu, uye ndinoziva nokuda kweMweya Mutsvene kuti mazwi iwayo aibva kuna Mwari.

Muporofita Joseph Smith vakava nezviitiko zvakadaro, uye newe unokwanisawo kuva nazvo. Akagashira mhinduro iyi kumunamato wakapihwa nemwoyo wese:

“Mwanakomana wangu, runyararo ngaruve kumweya wako; matambudziko ako nemarwadzo ako zvichave kwechinguva chidiki;

“Uye zvino, kana ukashingirira mazviri zvakanaka, Mwari vachakusimudzira pamusoro” (D&Z 121:7–8).

Ichochi chaiva chakazarurwa kubva kuna Baba vane rudo kuenda kumwanakomana akatendeka akanga ari mumarwadzo makuru kwazvo. Wese mwana waMwari anokwanisa kutaura mumunamato Navo. Manzwiro erudo nechiedza akauya kwandiri semhinduro kuminamoto yangu yakaninipa akava neshanduro hurusa pandiri kupinda kurudziro ipi zvayo yekunamata.

Tinowana uchapupu hwemurairo upi zvawo waMwari nekuchengeta murairo iwoyo (ona Johane 7:17). Izvi ichokwadi kumurairo wekuti tinamate nguva dzose tichidudza uye nemuchivande. Semudzidzisi wenyu neshamwari yenyu, ndinovimbisa kuti Mwari vanozopindura minamoto yenyu uye kuti nesimba reMweya Mutsvene, munokwanisa kuzvzivira pachenyu kuti mhinduro dzacho dziri kubva kwaVari.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

- “Mifananidzo zvishandiso zvinokosha zvekusimbisa pfungwa huru iri muchidzidzo” (*Teaching, No Greater Call* [1999], 176). Ratidza mufananidzo waJoseph Smith kana weChiratidzo Chekutanga. Kurukurai chiitiko chakasanganyikwa nacho naJoseph Smith pamusoro pemunamato. Minamoto yako ingava inonyanya kureva chinhu sei kana

ukafananidza “Baba Vekudenga . . . vari pedyo pedyo,” sezvinoita Mutungamiri Eyring?

- Sekuraira kwaita Mutungamiri Eyring, funga kugovera uchapupu hwako pamusoro pemunamato, uchitsanangura maropafadzo awakagashira nokuda kwemunamato, kana kugovera zvinyorwa zvitsvene pamusoro pemunamato.

VECHIDIKI

Munamato Wangu weRutendo

NaPriscilla Farias de Lima

Apo pandakanga ndiine makore gumi nemasere, ndaishanda muchitoro chinotengesa midziyo yakavezwa neimwe yekushongedza mumba semutengesi. Nguva dzekushanda kwangu dzakanga dzakaoma zvikuru. Ndaishanda kubva na8 mangwanani kusvika na10 manheru, kubva musi weMuvhuro kusvika musi weMugovera. Ndaisiwa nokuti ndakanga ndisingakwanise kutora chinhanu muzvidzidzo zveinisitichuti nezvimwe zviitwa zveChechi.

Ndakatangana kunamata kunaBaba Vekudenga nerutendo rukuru kuVakumbira kuti vandibatsire kuwana basa uko kwandainge ndisingazoshanda musi weMugovera kuitira kuti ndigokwanisa kuenda kuinisitichuti nekune zvimwe zviitwa.

Rimwe zuva ndiri pabasa ndaibatsira mumwe murume. Takatanga kutaura, uye akati anoshanda mubhangi guru. Ndakabvunza kuti ndingakwanise sei kukwikwidzawo kuti ndiwane basa mubhizinesi iri. Akandipa zita rake nenhamba yake yerunhare uye akandiudza kuti ndaikwanisa kuchaira runhare munhu anopinza vashandi vatsva basa uye ndotaura kuti ndaiziva iye murume uyu. Ndakaenda kubhangi uku uye ndikanonyora bvunzo dzaidikanwa. Ndakabudirira uye ndikatanga kushanda maawa matanhatu pazuva kubva musi weMuhvuro kusvika musi weChishanu, ndichitambira mari yakanga yakawanda kakapetwa katatu kupfuura yandaitambira kwandakabva.

Ndinoziva Ishe vanotitungamirira apo patinoita chido chekuVaisa ivo pekutanga muzvinhu zvedu zvose. Vari kunditungamirira kunyange nanhasi. Ndinoziva kuti musimbotei wemunamato ndewe chokwadi.



Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

Vachengeti veMhuri

Dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chiwe chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu.

“Muri vachengeti vemhuri,” vakadaro Mutungamiri Gordon B. Hinckley (1910–2008) apo pavaisuma “Mhuri: Chiziviso kuNyika” mumusangano mukuru weChita cheRubatsiro muna1995. “Ndimi munobereka vana. Ndimi imi munovarera nekumisa mavari tsika dzeupenyu hwavo. Hakuna rimwe basa rinosvika padyo zvakadaro neumwari sezvinoita kurera vanakomana nevanasikana vaMwari.”¹

Kwemakore angadokusvika kugumi nemanomwe iyezvino chiziviso ichi chinoshimbisa kuti mabasa edu anokosha zvikuru akamiswa pakusimbisa mhuri nedzimba—zvisinei nemamiriro ezvinhu edu iyezvino. Barbara Thompson, mutevedzeri wechipiri iyezvino muhutungamiri hukuru hweChita cheRubatsiro, akanga ari muTebanakeri yeSalt Lake apo pakaverenga Mutungamiri Hinckley chiziviso kekutanga. “Yaiva nguva huru kwazvo,” anoyeuka. “Ndakanzwa kukosha kweshoko iroro. Ndakazviwanawo ndichifunga kuti, ‘Iyi inhungamiro huru kwazvo kuvabereki. Ibasawo guru revabereki.’ Ndakafunga kwekanguva kadiki kuti shoko iri rakanga risina chekuita neni zvakananyanya

sezvo ndakanga ndisina kuchata uye ndakanga ndisina kana vana. Asi nechinguva ichocho ndakabva ndafunga kuti, ‘Asi rinechekuita neni. Ndiri nhengo yemhuri. Ndiri mwanasikana, mukoma, muni-n’ina kana hanzvadzi, tete, mainini kana maiguru, mwana wamaiguru, wamainini kana wasekuru, uye ndiri muzukuru. Ndine mabasa—nemaropafadzo—nokuti ndiri nhengo yemhuri. Kunyange dai ndanga ndirini chete nhengo yemhuri yangu irikurama, ndichiri nhengo yemhuri yaMwari, uye ndine basa rekubatsira kusimbisa dzimwe mhuri.’”

Kunaka kwazvo ndekwekuti, hatsiyiwe tiri tega mukuedza kwedu. “Rubatsiro rukuru kuru kwazvo,” vanodaro Sisita Thompson, “rwatichava narwo mukusimbisa mhuri nderwekuziva nekutevera dzidziso dzaKristu nekuvimba Naye kuti atibatsire.”²

Kubva muNhorondo Yedu

“Apo Sister Bathsheba W. Smith pavakashanda semutungamiri mukuru weChita cheRubatsiro wechina [kubva 1901 kusvikira 1910], vakaona chidikanwi chekusimbisa mhuri, uye saka vakamisa dzidziso yezvidzidzo zvanaamai

zvemasisita eChita cheRubatsiro. Zvidzidzo izvi zvaisanganisira rairo pamusoro pemuchato, kutaririra madzimai anepamuviri, nekurera vana. Zvidzidzo izvi zvaitsigira dzidziso dzeMutungamiri Joseph F. Smith pamusoro pekubatsira madzimai kweChita cheRubatsiro mumbasa avo ekumba.

“Kose kupi zvako kune kusaziva kana kuti kune kushaikwa kwenzwisiso maererano nemhuri, mabasa emhuri, maererano nesungiro dzinofanira kuvapo uye dziripo zviri pamutemo pakati pemurume nemukadzi uye nepakati pevabereki nevana, ipapo chita ichi chiripo kana kuti chiri padyo kubatsira, uye nezvipo zvemweya nefemero zvinova zvechita ichi, chakagadzirira uye chakamirira kupa rairo zviri maererano nemabasa iwayo anokosha.”³

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Gordon B. Hinckley, “Stand Strong against the Wiles of the World,” *Ensign*, Mbudzi 1995, 101.
2. Barbara Thompson, “I Will Strengthen Thee; I Will Help Thee,” *Liahona neEnsign*, Mbudzi 2007, 117.
3. *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 153.

Kubva muMagwaro Matsvene

Zvirevo 22:6; 1 Nifai 1:1; 2 Nifai 25:26; Aruma 56:46–48; Dzidziso neZvibvumirano 93:40

Chii Chandingaite?

- 1.** Ndingabatsire sei masisita andinotaririra kuti vasimbise mhuri?
- 2.** Ndingave sei kuruziyo yakarurama mumhuri yangu?

Kuwana rumwe ruzivo, enda ku www.reliefsociety.lds.org.